

PWOGRAM OTO-DIREKSYON



Agency with Choice

Agency with Choice ofri opsyon pou fè patenarya avèk yon Ajans. Pou moun sa yo ki swete pataje responsablite yo pou seleksyone pèsònèl sipò epi dirije aktivite toulejou yo, modèl Agency with Choice la kapab yon opsyon pou konsidere.

Moun ki chwazi modèl sipò sa a pral resevwa yon alokasyon bidjè pou acha sèvis ki satisfè bezwen yo. Patisipan an/fanmi an anmezi pou idantifye moun yo swete anplwaye avèk sipò yon ajans ki bay asistans nan pwosesis rekritman an, jesyon pewòl, ak lòt tach ki lye yo.

Pwogram Agency with Choice la ofri sa yo ki swiv la:

- Yon modèl ko-anplwa kote ajans lan sèvi antanke anplwayè, k ap fè patenarya avèk moun nan pou ede fòme ak jere anplwaye yo.
- Ajans lan pral sipòte moun li dwe fè entèvyou avèk li a, moun li vle rekrite a, epi negosye yon tarif peman pou anplwaye ke patisipan an/fanmi an idantifye yo, sa ki tonbe anba politik pèsònèl ajans lan.
- Patisipan an/fanmi an genyen responsablite pou sipèvize anplwaye yo chak jou.
- Ajans lan asime responsablite pou peye anplwaye yo, ki genyen ladan retansyon, depozisyon ak peman taks sou revni federal ak revni Eta a ak taks anplwa a, epi bay yon politik sou konpansasyon travayè.
- Ajans lan bay moun nan yon rapò finansye chak mwa pou moun nan ka konnen ke depans yo ap dewoule jan yo te prevwa a epi yo ka fè ajisteman si nesèsè.
- Opsyon sèvis nan modèl pwogram Agency with Choice la genyen ladan:
 - Navigasyon Sèvis
 - Sipò Adomisil Endividyalize
 - Sipò Lajounen Endividyalize
 - Finansman Fleksib

DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL NAN MASSACHUSETTS